

**Enstriksyon:** Moun n ap evalye a dwe ranpli fòm sa a si yo gen 18 tan oswa plis, oswa paran, responsab legal, oswa reprezantan ki gen otorizasyon legal oswa yon ajans plasman nan fanmi akèy volontè k ap swen timoun nan dwe ranpli fòm nan si timoun nan poko gen 18 tan epi si li pa satisfè sikonstans ki endike anba la yo\*. Reprezantan ki gen otorizasyon legal defini kòm "yon moun oswa ajans ki otorize dapre lwa leta, lwa tribi, lwa militè oswa lòt lwa ki anvigè, lòd tribinal oswa konsantman pou pran desizyon sou non yon moun pou divilge enfòmasyon medikal yo". Yon ajans plasman nan fanmi akèy volontè vle di "yon ajans ki gen kontra avèk Administrasyon Vil New York pou Sèvis Timoun (NYC Administration for Children's Services) pou bay swen nan mezon akèy".

\*[Tanpri sonje, timoun ki se paran, ki ansent, epi/oswa ki marye, epi ki kapab bay konsantman yo, ta dwe itilize ak ranpli fòm sa a.]

NON MOUN N AP EVALYE A

NON MEZON SANTE A - ADILT OSWA TIMOUN (FÈ WONN NAN YOUN)

DAT MOUN NAN FÈT

**Yon Evalyasyon Fonksyonèl (Functional Assessment, FA):**

- Detèmine kalifikasyon pou Sèvis Sante Konpòtmantal, Sèvis ki Baze nan Kay ak Sèvis ki Baze nan Kominote (Behavioral Health, Home and Community Based Services, BH HCBS) pou moun ki gen 21 ane ak plis
- Detèmine kalifikasyon pou Sèvis Sante Konpòtmantal, Sèvis ki Baze nan Kay ak Sèvis (HBH HCBS) ki Baze nan Kominote pou moun ki gen apeprè 21 ane
- Idantifye pwen fò ak bezwen pou HBH HCBS ak Mezon Sante Timoun
- Idantifye rezilta evalyasyon Mezon Sante Timoun

Nou itilize FA pou rasanble enfòmasyon pou yon Plan Laswenyaj, nou dwe devlope pou nenpòt moun ki kalifye pou HCBS epi/oswa ki enskri nan yon Mezon Sante. N ap fè FA nan Sistèm Evalyasyon Inifòm New York (Uniform Assessment System, UAS-NY), yon baz done pwoteje leta ki kapte ak konsève enfòmasyon idantifikasyon ak evalyasyon ki fèt pou chak moun ki resevwa sèvis yo. Kontwòl sekirite sevè pwoteje enfòmasyon yo epi se sèlman moun ki otorize k ap jwenn yo jan sa nesèsè pou enfòmè livrezon sèvis yo. Si nou te resevwa yon FA anvan, n ap revize FA pou asire nou bay pi bon sèvis yo. Kòm peyè sèvis Medicaid sou non ou, Eta New York ap gen aksè nan enfòmasyon sou sante ou.

Pou moun ki gen 21 ane ak plis epi ki bezwen sèvis yo, FA ap detèmine si yo kalifye pou BH HCBS epi si nou itilize li pou rasanble enfòmasyon pou kreye yon Plan Laswenyaj.

Pou moun ki gen apeprè 21 ane epi ki bezwen sèvis yo, yon FA obligatwa pou note limit fonksyonèl moun yo pou nou kapab detèmine si yo kalifye pou HBH HCBS. Nou itilize FA tou pou detèmine rezilta evalyasyon Mezon Sante Timoun pou moun ki enskri nan yon Mezon Sante Timoun, epitou nou itilize li pou rasanble enfòmasyon pou kreye yon Plan Laswenyaj.

Pou nou kapab pi byen sèvi ou oswa pitit ou, nou bezwen fè yon evalyasyon fonksyonèl. N ap fè FA chak ane pou moun ki gen 21 ane ak plis, chak 6 mwa pou moun ki poko gen 21 ane, oswa pi bonè si yon gen yon evènman enpòtan nan lavi ou.

**Tanpri siyen non ou anba la a pou endike si ou bay konsantman ou oswa si ou pa bay li pou nou fè yon FA sou ou oswa sou pitit ou.**

- Mwen konprann objektif Evalyasyon Fonksyonèl la epi mwen bay konsantman mwen pou yon Evalyasyon Fonksyonèl ki fèt avèk

NON FOUNISÉ SEVIS LA

sou mwen oswa sou pitit mwen (fè wonn nan youn). Mwen rekonèt mwen bay konsantman mwen si mwen vle epi mwen kapab anile li nan nenpòt lè.

- Mwen pa bay konsantman mwen pou yo fè yon Evalyasyon Fonksyonèl sou mwen oswa si pitit mwen (fè wonn nan youn). Mwen rekonèt si mwen pa bay konsantman mwen pou yon Evalyasyon Fonksyonèl, mwen pa ka gen aksè nan Sèvis ki Baze nan Kay ak Kominote.

EKRI NON MOUN NAN/PARAN/RESPONSAB LEGAL/REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON/AJANS FANMI AKÈY VOLONTÉ AN LÈT DETACHE

SIYATI MOUN NAN/PARAN/RESPONSAB LEGAL/REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON/AJANS FANMI AKÈY VOLONTÉ

DAT LA

Nou apresye patisipasyon ou anpil nan pwosesis sa a. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan pwosesis sa a rele nan

nimewo \_\_\_\_\_

- Depi mwen fè yon ti kwa nan ti bwat sa a, mwen retire konsantman mwen pou mwen kite yo fè yon evalyasyon fonksyonèl sou mwen.

EKRI NON MOUN NAN/PARAN/RESPONSAB LEGAL/REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON/AJANS FANMI AKÈY VOLONTÉ AN LÈT DETACHE

DAT MOUN NAN FÈT

SIYATI MOUN NAN/PARAN/RESPONSAB LEGAL/REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON/AJANS FANMI AKÈY VOLONTÉ

DAT LA